

Pwoteje idantite ou

Chak ane yo vòlè apeprè nèf (9) milyon idantite Ameriken.
Pou ede pwoteje idantite, swiv konsèy enpòtan sa yo:

1 Pwoteje Enfòmasyon Pèsonèl Ou

- **Montre ou vijilan pou sa y ap ofri ou nan telefòn, pa lapòs, nan tèks, ak nan imèl.** Pa bay enfòmasyon pèsonèl ou nan telefòn, nan imèl, nan tèks, oswa nan sitwèb medya sosyal. Pa janm klike sou lyen nan imèl ou pa abitye menmsi yo sòti nan sous ou fè konfyans; yo kapab "hamsone" fwod ki lakòz ou bay enfòmasyon pèsonèl ou yo lè yo sanble serye. Epitou sonje imèl ak nimewo telefòn kapab fwod (oswa fo) pou sanble yo se pou yon moun ou konnen.
- **Pwoteje òdinatè ou, tablèt enfòmatis, ak telefòn entèlijan ou kont viris ak "lojisyèl malveyan" avèk lojisyèl sekirite ak para-fe.** Pa tape enfòmasyon pèsonèl ou lè w ap itilize Wi-Fi ki pa gen sekirite; kreye modpas ki fò ak pèsonèl; epi sèlman transfere lojisyèl ak aplikasyon ki sòti nan sous ou fè konfyans. Pa bay divilge enfòmasyon pèsonèl ou nan sitwèb medya sosyal yo, epitou pran prekosyon ou avèk lojisyèl jewomakaj yo. Ale nan sitwèb [OnGuardOnline.gov](https://www.onguardonline.gov) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn pwoteksyon, sekirite, ak responsablite nan Entènèt.
- **Pran prekosyon ou lè w ap itilize òdinatè piblik yo.** Efase nenpòt dokiman pèsonèl, epi vide Recycle Bin (Kòbèy) ki nan òdinatè biwo a anvan ou dekonekte. Tcheke konfigirasyon Entènèt la, epi asire òdinatè a konfigire pou efase istwa navigasyon ou. Pa janm itilize kat kredi ou oswa kat debi ou pou achte nan Entènèt nan òdinatè piblik yo.
- **Revize rapò kredi gratis ou chak ane.** Kòm yon fason pou wè si ou viktim vòl idantite, transfere rapò kredi anyèl gratis ou nan sitwèb [annualcreditreport.com](https://www.annualcreditreport.com).
- **Diminye kantite kat ou pote avèk ou.** Sèlman mache avèk kat kredi oswa kat debi ou planifye pou itilize, epi mete lòt yo yon kote ki pwoteje. Pa janm mache avèk kat Sekirite Sosyal ou nan valiz ou oswa nan bous ou.

2 Kontwole Kourye Ou

- **Chèche konnen kilè bòdwo ak etadkont ou ap rive chak mwa nòmalman.** Montre ou vijilan pou etadkont ou pa jwenn nan kourye a. Enskri non ou pou etadkont elektwonik ak peman bòdwo nan Entènèt pou evite risk vòl idantite ou avèk kourye ou.
- **Revize etadkont labank ou ak etadkont kat kredi ou pou aktivite ki pa regilye.** Yon ti koutje menm pandan kèk minit kapab avèti ou bonè pou yon pwoblèm.
- **Mete kourye ou annatant lè ou ale nan vakans.** Ale nan sitwèb usps.com/holdmail oswa rele: **1-800-275-8777** pou mande Sèvis pou Kenbe Kourye.

3 Pran Prekosyon Ou Lè W Ap Achte

- **Tcheke resi yo.** Asire resi yo pa montre dat ekspirasyon kat kredi ou oswa plis pase senk (5) dènye chif li yo. Lalwa egzije sa nan biznis Vil New York yo.
- **Siveye kat kredi ou lè w ap fè acha.** Kèk anplwaye itilize machin mobil yon fason legal pou pran enfòmasyon kat ou, epi pou yo itilize pita pou pirate kont yo.

4 Diminye Papye

- **Senpleman dechikte li!** Dechikte nan machin papye ou pa bezwen sere ankò, olye ou jete yo, si yo gen enfòmasyon pèsònèl ou ladan tankou:
 - ✓ Nimewo Sekirite Sosyal ou
 - ✓ Nimewo kont labank ou ak nimewo kont kat kredi ou
 - ✓ Modpas ou/enfòmasyon sou PIN ou
 - ✓ Dat ou fèt
 - ✓ Enfòmasyon pou kontak prive ou
 - ✓ Siyati ou
- **Kominike sou fòm elektwonik.** Mande etadkont yo nan Entènèt, epi peye nan Entènèt kèlkeswa lè li posib.

5 Imajine Ou se Viktim Vòl Idantite? Aji Vit!

- **Fèmen tout kont ki gen fwod yo.** Rele Depatman Fwod chak konpayi kote yo te louvri yon kont ki gen fwod sou non ou, oswa kote yon kont montre acha ou pa t fè.
- **Rapòte sa.** Rapòte vòl idantite a ba jiridiksyon lapolis zòn ou, epi fè yon plent nan Komisyon Komès Federal (FTC) nan ftc.gov/idtheft oswa rele: **1-877-ID-THEFT** (1-877-438-4338). Sere kopi rapò a ak plent lan.
- **Mete yon avètisman pou fwod sou rapò kredi ou nan youn nan twa (3) ajans rapòtaj kredi yo: Equifax, Experian, TransUnion.** Lè ou mete yon avètisman pou fwod sou rapò kredi ou, enstitisyon kredi yo dwe kontakte ou anvan yo louvri nenpòt nouvo kont, oswa anvan yo fè nenpòt chanjman nan kont ou genyen deja yo. Mete tout korespondans nan dokiman avèk anpil prekosyon.
- **Anvizaje jwenn konsèy finansye pwofesyonèl gratis ak endividyèl.** Ale nan sitwèb nyc.gov oswa rele **311** epi mande pou yon Sant Otonomi Finansye Vil New York ki toupre ou. Konseye yo kapab ede ou rezoud difikilte finansye ou yo.

NYC

Bill de Blasio
Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb nyc.gov/consumers